

Asirans Maladi Grav

Asirans lè w
ap fè fas ak
yon dyagnostik
maladi kritik



Panse ak sa



Chak 40 segonn,
yon Ameriken fè
yon kriz kadyak[†]



Chak 40 segonn,
yon moun Ozetazini
fè yon stwoke[†]



Disi 2035, yo atann pou
45.1% popilasyon Etazini gen
pou yo gen yon kalite CVD^{††}

Si yo dekouvri ou gen yon maladi grav epi li anpeche w travay, enpak li gen sou finans ou ka vin ogmante byen vit. Asirans Maladi Grav ka ede soulaje lespri w pou w ka konsantre sou amelyorasyon w.

Men kijan l Fonksyone

- Chwazi yon asirans ak kantite lajan pou prim pou reponn ak bezwen w
- Y ap retire prim yo nan chak peryòd peman
- Si yo dekouvri ou gen yon maladi grav, fè yon reklamasyon epi resevwa yon avantaj ki se yon sòm lajan kach*

Pwoteje Finans ou

- Ou te travay di pou w fè ekonomi – pa kite yon maladi grav fè w pèdi l
- Pwoteje lajan ki nan kont depans ak ekonomi w
 - Pa foute men nan 401(k) w



**Pwoteje moun ki gen asirans
pou plis pase 60 an**

Reponn ak Bezwen w

- Yo bay asirans san kondisyon men li gen yon limitasyon pou Kondisyon medikal ki te Egziste Deja*
- Asirans lan ka gen ladan l depandan w yo
- Lajan yo peye kèlkeswa nenpòt lòt kouvèti plan medikal oswa andikap
- Yo ka kontinye asirans lan; al gade sètifika w la pou w jwenn detay

[†]Maladi kè ak estatistik konjesyon serebral—Mizajou 2023: Yon rapò ki soti nan American Heart Association
^{††}<https://www.heart.org/en/news/2019/01/31/cardiovascular-diseases-affect-nearly-half-of-american-adults-statistics-show> *Tanpri al gade nan seksyon ki dekri Sa k pa ladan l Limit nan bwochi sa a.

Yo ofri anlwaye:

Rosen Hotels & Resorts asirans

Rankontre Carlos



Chwazi

Carlos enskri pou Asirans Maladi Grav pandan Enskripsyon Ouvri konpayi l ap travay la.

Itilizasyon

Kèk mwa apre, Carlos aprann li gen yon maladi atè kowonè. Men istwa l:



Egzamen byennèt

Doktè Carlos la detekte pwoblèm kè pandan egzamen byennèt anyèl li



Dyagnostik

Aprè plis tès ak yon vizit kay yon kadyològ Carlos yo dekouvri Carlos gen maladi atè kowonè



Desizyon

Doktè l rekòmande operasyon pou retire yon blokaj epi li di Carlos gerizon l pral pran sis a uit semèn



Operasyon

Carlos wibi yon pontaj kowonaryen epi li nan lopital la pou 4 jou



Gerizon

Carlos al lakay li pou kòmanse rekiperasyon l epi li gen vizit regilye kay doktè

Reklamasyon

Carlos depeze yon reklamasyon sou asirans maladi grav li atravè pòtay entènèt pratik la, **MyBenefits**. Li resevwa yon sòm avantaj lajan kach sòm pou:

- Avantaj Byennèt
- Operasyon Pontaj Atè Kowonè

Pòtay pou depeze reklamasyon MyBenefits

standard.com/ahl/mybenefits

Ofri aksè 24/7 ak enfòmasyon enpòtan sou avantaj sou. Siyati elektwonik, voye ak verifiye reklamasyon w (sa gen ladan l dosye reklamasyon), mande pou yo depeze lajan kach avantaj yo dirèk, fè chanjman nan enfòmasyon pèsònèl, ak plis ankò.

Men kèk nan fason Carlos ka itilize avantaj lajan kach li yo



Finans

Ka ede pwoteje ekonomi l, plan retrèt li ak 401(k) pou yo pa fin itilize l



Vwayaj

Ka ede peye depans yo pandan l ap resevwa tretman nan yon lòt vil



Lakay

Ka ede peye ipotèk la, kontinye pèman lwaye, oswa reparasyon kay pou swen yo bay apre



Depans

Ka ede peye depans lavi fanmi l, tankou fakti, kouran ak gaz

Egzanp ki pi wo a bay detay sou yon sitiyasyon ki pa reyèl; eksperyans pa w ka diferan. Pou yon lis avantaj ak montan avantaj yo, gade paj 3 ak 4.

Montan avantaj yo

†Moun ki sou kont ou yo resevwa 50% nan montan avantaj ou a

Premye Asirans pou Maladi Grav†	Plan 1	Plan 2	Plan 3
Kriz Kadyak (100%)	\$10,000	\$20,000	\$30,000
Stroke (100%)	\$10,000	\$20,000	\$30,000
Major Organ Transplant (100%)	\$10,000	\$20,000	\$30,000
Ensifizans renal nan dènye faz la (100%)	\$10,000	\$20,000	\$30,000
Operasyon Pontaj Atè Kowon (25%)	\$2,500	\$5,000	\$7,500
Egzonerasyon Prim (anplwaye sèlman)	Wi	Wi	Wi
Premye Asirans pou Maladi Kansè Grav†	Plan 1	Plan 2	Plan 3
Kansè ki gentan gaye (100%)	\$10,000	\$20,000	\$30,000
Carcinoma in Situ (25%)	\$2,500	\$5,000	\$7,500
Lòt asirans	Plan 1	Plan 2	Plan 3
Avantaj Byennèt (pa ane)	\$50	\$50	\$50

Plan 1 - Prim Chak Semèn

Montan Avantaj Debaz \$10,000

Laj	EE, EE+CH	EE+SP, F	Laj	EE, EE+CH	EE+SP, F
San tabak			Tabak		
18-24	\$0.94	\$1.37	18-24	\$1.31	\$1.92
25-29	\$0.98	\$1.45	25-29	\$1.35	\$2.00
30-35	\$1.26	\$1.86	30-35	\$1.79	\$2.65
36-39	\$1.67	\$2.49	36-39	\$2.58	\$3.84
40-44	\$2.21	\$3.32	40-44	\$3.53	\$5.29
45-50	\$3.11	\$4.65	45-50	\$5.13	\$7.66
51-54	\$4.30	\$6.42	51-54	\$6.98	\$10.35
55-60	\$5.72	\$8.55	55-60	\$9.65	\$14.40
61-70	\$7.68	\$11.45	61-70	\$12.10	\$18.05
71+	\$11.51	\$17.18	71+	\$17.09	\$25.69

Plan 2 - Prim chak semèn

Montan avantaj debaz \$20,000

Laj	EE, EE+CH	EE+SP, F	Laj	EE, EE+CH	EE+SP, F
San tabak			Tabak		
18-24	\$1.46	\$2.12	18-24	\$2.20	\$3.22
25-29	\$1.50	\$2.20	25-29	\$2.24	\$3.30
30-35	\$2.02	\$2.96	30-35	\$3.07	\$4.54
36-39	\$2.83	\$4.21	36-39	\$4.66	\$6.91
40-44	\$3.90	\$5.83	40-44	\$6.53	\$9.75
45-50	\$5.68	\$8.46	45-50	\$9.72	\$14.49
51-54	\$8.08	\$12.03	51-54	\$13.43	\$19.89
55-60	\$10.94	\$16.32	55-60	\$18.79	\$28.00
61-70	\$14.87	\$22.15	61-70	\$23.71	\$35.34
71+	\$22.53	\$33.63	71+	\$33.70	\$50.64

Plan 3 - Prim chak semèn

Montan avantaj debaz \$30,000

Laj	EE, EE+CH	EE+SP, F	Laj	EE, EE+CH	EE+SP, F
San tabak			Tabak		
18-24	\$1.97	\$2.87	18-24	\$3.09	\$4.52
25-29	\$2.01	\$2.95	25-29	\$3.13	\$4.61
30-35	\$2.78	\$4.07	30-35	\$4.36	\$6.42
36-39	\$3.99	\$5.93	36-39	\$6.74	\$9.98
40-44	\$5.59	\$8.33	40-44	\$9.52	\$14.21
45-50	\$8.25	\$12.28	45-50	\$14.31	\$21.32
51-54	\$11.86	\$17.63	51-54	\$19.88	\$29.43
55-60	\$16.15	\$24.08	55-60	\$27.93	\$41.61
61-70	\$22.06	\$32.85	61-70	\$35.32	\$52.64
71+	\$33.56	\$50.07	71+	\$50.32	\$75.60

EE = Anplwaye; EE+SP = Anplwaye + Konjwenn;
EE+CH = Anplwaye + Timoun; F = Fanmi

Avantaj - Avantaj peye lè yo dyagnostike kondisyon sa yo (sijè a maksimòm jan yo endike nan paj 3)

*Avantaj peye yon fwa pa moun ki kouvri. Lè yo fin peye tout benefis nan kategori sa a, pwoteksyon an fini.

Benefis Inisyal Nan Ka Maladi Grav*

Kriz kadyak - lanmò yon pati nan mis kè a akòz mank sikilasyon san. Etabli (ansyen) enfaktis myokadyen pa kouvri

Stwoke - lanmò yon pati nan sèvo a ki pwodui sekèl newolojik tankou enfaktis tisi nan sèvo, emoraji ak anbolizasyon ki soti nan yon sous ekstrakranyen. Atak ischemik pasajè (TIA), blesi nan tèt, ensifizans serebrovaskilè kwonik ak defisit newolojik ischemik revèsib pa kouvri

Transplantasyon Gwo Ògàn - grèf kè, poumon, fwa, pankreya oswa ren. Ògàn yo fè grèf la dwe soti nan yon donatè moun

Ensifizans renal ki nan dènye faz la se yon echèk - irevokab nan toude ren yo, sa ki lakòz dyaliz peritoneyal oswa emodyaliz. Echèk ren ki te fèt akòz evènman twomatik, ki gen ladan chòk chirijikal, yo pa kouvri

Operasyon Pontaj Atè Kowonè - pou korije retresi oswa blokaj youn oubyen plizyè atè kowonè ak yon grèf pontaj. Pontaj awotik nan vant, anjyoplasti balon, anbolektomi lazè, aterektomi, plasman stent ak pwosedi ki pa chirijikal yo pa kouvri

Egzansyon Premium (anplwaye sèlman) - prim yo anile si ou andikape pandan 90 jou konsekitif akòz yon maladi grav

Avantaj Pou Maladi Kansè Grav*

Kansè ki gentan gaye - kansè ki pete e k ap gwosi san kontwòl, ki gen ladan kansè nan aN ak lenfòm. Carcinoma in situ, kansè ki pa gaye oswa ki metastaze moun gen nan po oswa kansè pwostat nan premye etap pa kouvri

Carcinoma In Situ - ki pa gaye, sa gen ladan I kansè pwostat nan premye etap (etap A, I, II) ak melanòm ki poko antre nan po a. Lòt kansè po, lezyon ki poko pete (tankou neyoplazi entraepitelyal), timè benin ak polip yo pa kouvri

Lòt avantaj

23 egzamen - Benefis Byennèt. Yon fwa pou chak moun, pou chak ane kalandriye pou sèvis byennèt ak tès ki annapre yo: Byopsi pou kansè po; Tès mwèl zo; Tès san pou trigliserid, CA15-3 (kansè nan tete), CA125 (kansè nan ovè), CEA (kansè nan kolon), PSA (kansè nan pwostat); Radyografi nan pwatrin;

Kolonoskopi; Depistaj Doppler pou karotid oswa maladi vaskilè periferik; ekokardiyogram; EKG; Sigmoidoskopi fleksib; analiz pou pou Hemocult; Vaksinasyon HPV (Viris Papillomòm); panèl lipid (total konte kolestewòl); Mamografi, ki gen ladan Ultrason nan tete; Pap Smear, ki gen ladan ThinPrep

Pap Test; Elèktroforez Pwoteyin Serum (tès pou myeloma); Tès strès sou bisiklèt oswa tapis kou; Tèrmografi; Ultrason tès depistaj pou anevrís awòt nan vant



Pwoteje moun & fanmi pou plis pase 60 an

Pwoteksyon asirans ki bon pou **ede ou menm ak fanmi w pwofite pi gwo lapè finansye nan tèt** ou lè bagay ou pa atann rive.

Lè w chwazi

Asirans Volontè
Kouvèti Asirans nou,
nou ka ede ba w lapè finansye nan tèt ou.

Nou gen plis pase 60 ane nan biznis asirans fanmi Ameriken yo. Opsyon asirans enpòtan nou yo ede moun yo pran pi bon desizyon yo pou finans yo ak avni yo.

Kou w fin chwazi pwoteksyon an, enskri sou pòtal sèvis kliyan pratik nou an, MyBenefits, pou jwenn aksè a detay pwoteksyon ou ak dokiman enpòtan yo nenpòt lè. MyBenefits pèmèt ou tou depoze reklamasyon byen vit e fasilman – epi fè yo depoze benefis yo dirèkteman nan kont labank ou (otorizasyon obligatwa).

Espesifikasyon Sètifika

Kalifikasyon - Konpayi w ap travay la detèmine kiyès ki kalifye nan gwoup ou a (tankou kantite ane sèvis ou genyen ak kantite èdtan ou travay chak semèn). Laj pou yo jwenn li se 18 an oswa plis.

Kalifikasyon pou Moun ki Depandan/Revokasyon - Manm fanmi ki kalifye pou pwoteksyon an se mari oswa madanm ou ak timoun yo. Kouvèti pou timoun yofini lè timoun nan gen 26 an, sof si li kontinye satisfè kondisyon yon moun ki sou kont ou ki kalifye. Kouvèti pou konjwen an fini lè gen yon jijman divòs valab oswa lè ou mouri.

Lè Kouvèti a Fini - Kouvèti anba kontra asirans lan fini nan premye dat sa yo: dat yo anile kontra asirans lan; ou sispann peye prim ou an; dènye jou travay aktif ou a; ou pa kalifye ankò; yo depoze yon fo reklamasyon; lè yo fin peye tout avantaj yo anba kontra asirans lan.

Kontinye Kouvèti ou a - Ou kapab kontinye kouvèti a lè kouvèti anba kontra asirans lan fini. Gade Sètifika Asirans ou an pou plis detay.

Esklizyon ak Limitasyon

Kondisyon ak Limit - Yon dyagnostik ki rive anvan asirans ou an kòmanse pa peyab; sepandan, yon dyagnostik nenpòt maladi grav ki kouvri apre dat antre an vigè a ap peyab. Benefis yo sijè a Limitasyon Kondisyon ki Egziste Deja an ansanm ak tout lòt limitasyon ak esklizyon yo. Tout maladi grav dwe reponn ak definisyon ak dat dyagnostik ki endike nan sètifika a epi yo dwe dyagnostike pa yon doktè pandan kouvèti a an vigè. Dat dyagnostik pou chak maladi a dwe gen 90 jou apa. Yo pral konsidere sityasyon ijans ki pa Etazini lè ou retounen Ozetazini.

Si premye dyagnostik kansè a rive anvan dat pwoteksyon an antre an vigè, yo peye benefis pou yon dyagnostik kansè apre dat pwoteksyon an, dapre kondisyon ki nan sètifika a.

Limitasyon pou Kondisyon Pre-egzistan - Yo pa peye benefis pou: yon maladi grav ki, koze pa, kontribye nan oswa rezilta, yon kondisyon pre-egzistan lè dat dyagnostik la se nan lespas 12 mwa apre dat pwoteksyon an antre an vigè. Yon kondisyon pre-egzistan se yon kondisyon, kit li te dyagnostike oswa non, pou ki sentòm yo te egziste nan peryòd 12 mwa anvan dat efektif la; oubyen yo te rekòmande konsèy medikal oswa tretman oswa yo te resevwa li nan men yon pwofesyonèl medikal nan lespas 12 mwa anvan dat efektif la. Esepsyon an se swen suivi pou kansè nan tete: Si yo te deja jwenn ou pa gen kansè nan tete, swen suivi woutin pa konstitye konsèy medikal, dyagnostik, swen oswa tretman sof si yo jwenn prèv kansè nan tete pandan oswa kòm rezilta swen suivi a.

Eksklizyon - Yo pa peye benefis pou: lagè oswa patisipasyon nan yon revòlt, ensureksyon oswa rebelyon; blesi oswa aksyon yon moun fè espre pou l fè tèt li; aktivite oswa okipasyon ilegal; swisid pandan yon moun an sante, oswa otodestriksyon pandan moun fou, oswa nenpòt tantativ pou youn oubyen lòt; abi sibstans, ki gen ladann alkòl, tafya, dejwe dwòg, oswa depandans sou nenpòt sibstans kontwole.

Kontra asirans y ap fè pwomosyon an disponib ann Anglè sèlman. Si ta gen yon diskisyon, dispozisyon ki nan kontra asirans lan ap gen priyorite. Avi sa a, yon tradiksyon fòmèlè Anglè ki apwouve a, pa dwe entèprete kòm yon modifikasyon oswa yon chanjman nan kontra asirans lan.

Bwochi sa a se pou itilize nan sit enskripsyon ki nan nan FL. Reklam sa a se yon solisitasyon nan asirans; kontak ka fèt pa yon Ajan, Ajans oswa Repezantan The Standard.

Rev. 2/26. Dokiman sa a valab toutotan enfòmasyon yo rete ajou, men pa pita pase 1ye fevriye 2029.

Yo bay asirans Maladi Grav Gwoup yo anba fòm kontra asirans GVCIP2 a, oubyen varyasyon eta yo bay la.

Kouvèti yo bay la se yon asirans maladi grav sipleman ak benefis limite. Règleman sa a pa yon règleman sipleman Medicare. Si w kalifye pou Medicare, revize Gid Achte Sipleman Medicare ki disponib nan American Heritage Life Insurance Company.

Sa a se yon ti apèsi sou benefis ki disponib anba kontra asirans gwoup ki kouvri pa American Heritage Life Insurance Company (Home Office, Jacksonville, FL). Detay sou kouvèti a, ki gen ladan esklizyon ak lòt limitasyon, yo enkli nan sètifika yo bay yo. Pou plis enfòmasyon, ou ka kontakte Repezantan w nan The Standard.

Kouvèti sa a pa reprezante yon kouvèti asirans sante konplè (souvan rele "kouvèti medikal prensipal") e li pa satisfè kondisyon pou kouvèti minimòm esansyèl dapre Lwa sou Swen Abòdab.



The Standard se non maketing American Heritage Life Insurance Company itilize, yon filiyal StanCorp Financial Group, Inc. standard.com oubyen standard.com/ah